**Жайна хIоттийнарг – исламан шайх, имам а волу Iалавийн кIант Аль-Хьабиб IабдуллахI**

**Гочдинарг – Алиев Бексолтин Ахьмад**

Рецензенташ – Эдихаджиев Мохьмад, Магамедов Сулиман

# Муридехь хила деза гIиллакхаш

**Гуьмсе 2015**

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хIи (диканна тIехь ницкъ кхачийтар, вуочух дIахьовзор а АллахIера бен дац).

Хастам бу АллахIна, Шен лаамца муридийн дегнаш Iамал ярехь шовкъе дечу, церан дог-ойла ирсечу новкъа бовларна тIехь карзахйохуш Волчу. И некъ бу ийманца а, Iибадат дарца а ша боьзна болуш, адамийн Iадатна, амална а тIелаца хала болуш. АллахIера салам-салават хуьлийла вайн эла а, АллахIа мел кхоьллинчу халкъан эла а волчу Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, халкъ нийсачу новкъа дуьгуш болчу цуьнан асхьабашна а.

Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала боху, – Шен дашехь уггар бакъ Верг Ву Иза: **«Сихха дерг** (шен Іамална дуьхьал дуьнен чохь бекхам бар) **дезаш волчунна Оха сихонца лур ду цу чохь Тхайна луург, Тхайна луучунна, цул тІаьхьа** (эхартахь) **Оха цунна жоьжахати хуьлуьйтур ю, оцу чу гІур ву иза сийсаза хилла, къинхетамна генаваьккхина а волуш. Амма эхарт дезна, шен къахьегар цуьнан дуьхьа хилларг** (цуьнца там болу Іамал йинарг)**, ша** (АллахІах) **тешаш а волуш – уьш бу шайн къахьегарна баркалла хилларш».** *«Аль-Исраъ», 18-19.*

ХІокху аятехь хьахийна долу сихха дерг – иза дуьне ду, дуьне лоьхуш къахьоьгуш вацахь а, и дезаш волчун воьрзу меттиг жоьжахати ю, шега бехкаш бахарца, сийсазаллийца цхьаьна. Ткъа хьекъал долчунна гІоле дерг – цунах дІаверзар, ларвалар а ду. Амма эхарт – иза ялсамани ю, цу чу вахана декъала хила деккъа иза езарх тоьаш дац, бакъду, цуьнга кхачар АллахІах тешарца, дика Іамал ярца а ду, Веза-Сийлахьчу Дала ма-аллара: **«Амма эхарт дезна, шен къахьегар цуьнан дуьхьа хилларг** (цуьнца там болу Іамал йинарг)**, ша** (АллахІах) **тешаш а волуш – уьш бу шайн къахьегарна баркалла хилларш».**

Баркалле долу къахьегар – иза къобалйина Іамал ю, иза йинарг хасто, цунна йоккха ял яла а хьакъвеш йолу, АллахІан къинхетамца, комаьршаллийца а ша цкъа а хедар йоцу. Дуьне дезаш болчарех муьлххачу агІор дакъазаваьлларг, даханчу аятехь Іазапца хьахийна йолу чІагІо шена хила хьакъ верг – иза ву эхартах ца тешаш, иза диццдина дуьне дезнарг я, тешаш волуш, цунна Іамал ца еш верг. Эхартах ца тешаш верг – иза керста ву, даима жоьжахатехь хир волуш, амма теша а тешаш Іамал ца йийриг – иза тиларчу вахана Іеса стаг ву, дакъаза вала хьаьхна волу.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а,** (стеган) **Іамалш** (цуьнан) **ниййате хьаьжжина** (лоруш) **ю. Баккъалла а, хІора стагана** (хир) **ду цуьнан ниййат хилларг. Ткъа АллахІан, Цуьнан Элчанан а дуьхьа мухІажар хилла волчун хІижрат – АллахІан а, Цуьнан Элчанан а дуьхьа лорур ду. Амма шен хІижрат дар ша лоьхучу дуьненан я ша яло хьийзочу зудчун дуьхьа долчун - иза лорур ду, цо хІижрат деш лехна долччу хІуманан дуьхьа».**

ХІокху хьадисехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) билгалдо, ниййат хиларца бен Іамал цахилар, адамана шен ниййате хьаьжжина ял луш а, бекхам беш а хилар, цо дика дахь – диканца, цо вуон дахь – вуонца а. Ниййат дика хиллачун Іамал а дика хуьлу, шеко йоцуш, амма шен ниййат вуон хиллачун Іамал а вуон хуьлу, шеко йоцуш, – гуш

долчу суьртахь иза дика хетахь а, нахана гайтархьама дика Іамал еш волчунна санна.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) иштта билгалдина, АллахІан дуьхьа, Цуьнан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) некъаца йогІуш йолу Іамал йинарг, – оцу стагана мела балар АллахІехь ду, цуьнан воьрзийла АллахІ реза хиларе, Цуьнан ялсаманига а ю, АллахІа Шена герга бигна, хаьржинчу нахаца цхьаьна. Ткъа АллахІан дуьхьа доцуш, кхечуьнан дуьхьа Іамал йинчунна мела балар, бекхам бар а, – цо гайтархьама моттаргІанаш лелош шен дуьхьа Іамал йинчунна тІехь ду, цунна я шен дегІана дан зен я пайда боцуш, адам далийта я дендан, я гІатто а ницкъ боцуш волчу. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) оцу хьадисехь Іамалшна юккъера къаьсттина хІижрат дар хьахийна, цхьадерг хьахорца массо хІуманна тІехь само яйтархьама. Кхетам болчу нахана девзаш ду, кхузахь дийцинарг къаьсттина хІижрат дарх доьзна цахилар а, цо берриге шариІатан белхаш чулоцуш хилар а.

Цул тІаьхьа ас олу: **«Хьо хууш хилалахь, хІай Іилма лохуш, ял хиларе сатуьйсуш а АллахІе вирзина волу мурид, ахь соьга ас динчу къамелах цхьадерг хьайга кхачадар дехначу хенахь, ахь лелош болчу некъана там болуш дерг суна дага ца деара. Баккъалла а, суна дагадеара аьхначу дешнашца муридийн гІиллакхаш дуьйцуш долу доцца дакъош вовшахтоха. Аса АллахІе доьху сайна, хьуна а, массо бусалба нахана а хІара жайна бахьанехь пайдабар – Иза суна кхачаме Верг а, Шена тІе болх буьллуш, дика Верг а Ву».**

### ТІарикъатан юьхь – лена даг чу тосуш чІогІа хьехам бу

Хьо хууш хилалахь, тІарикъатан юьхь – лена даг чу тосуш чІогІа хьехам бу, и карзахдоккхуш, цуьнга сагатдойтуш, и АллахІна а, эхартана а тІедерзарехь сутара деш, дуьненах а, оцу чохь нах шена тІебирзинчу хІуманах а: гІишлош ярх, дуьненан даьхни гулдарх, шен синан лаамашна тІаьхьавазарх, дуьненан хазаллех Іехаваларх а дІадерзош. ХІара хьехам АллахІера къайлаха долу орца ду, иза АллахІа Шен лена доладаран совгІатех, иза нисваран билгалонех а ду. Дукхах долчу хьолехь лена и орца кхочу АллахІах кхерарна, Цуьнан къинхетаме дог дахарна, Цуьнга шовкъе хиларна, иза АллахІан гергарчу нахе хьажарна, уьш цуьнга хьажарна а гергахь; наггахь цхьа а бахьана доцуш кхочу цуьнга иза. Иштта долу совгІаташ къобалдар, цаьрга безам бахар а шеца омра дина ду. Къобалдар я бехкамаш ларбар доцуш цхьана хІумане хьежар, цуьнга ладегІар а сонталла, хьекъал доцуш хилар а ду. Ткъа иза

иштта муха хир дац, цуьнан хьокъехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла хилча: **«Баккъалла а, шу дехачу заманахь, шун Дала шуна совгӀаташ до, варийлаш, уьш къобал делаш».** ХӀокху сийлахьчу хьехамца АллахӀа шен лерам бинарг цуьнан беза барам бевзаш хуьлийла, Веза-Сийлахьчу АллахӀа шена деллачу, шен барам балур боцуш я шукра далур доцуш даккхийчу ниӀматех и хилар хууш хуьлийла. Веза-Сийлахьчу АллахӀа шена ниӀматаш даларна, Шена ша герга вигарна, ша санна болчу нахана юккъера ша къаставарна а Цунна шукра дарехь совволийла иза. Ма дукха бусалба нах бу, дезткъа шарахь я цул сов баьхна, амма шега хӀара хьехам кхачанза я цхьана а дийнахь шена делла совгӀат къобалданза. И хьехам ларбар – АллахӀа Шен къинхетамах генабаьхначаьрца охьа ца хийшарца, шайтӀано дагатуьйсуш долчух ларваларца а хуьлу. Иза къобалбина, цунна жоп далар Веза-Сийлахьчу АллахӀе тобадарна тӀехь сихо ярца, даггара АллахӀна тӀеверзарца а хуьлу. И вай дийцинарг кхочушдар, цхьана хене ладоьгӀуш, тӀаьхьа ма тоьттийла цо, я оцу тӀехь ледарло, мало а ма йойла цо, баккъалла а, оцу тӀехь АллахӀа цуьнан аьтто бина, цунах кхоччуш ирс оьцийла цо, тобадаран неӀ дӀайиллина ю цунна, оцу чу гӀойла иза, АллахӀа Шен нийсоне кхайкхина иза, цуьнга сихо йойла цо. И ларлойла юх-юха кханенга иза дӀатеттарх, баккъалла а, иза шайтӀанан балхах ду. Цо духадеттар доцуш къобалдойла иза, шен хан я аьтто бац бохуш бахьанаш ца лоьхуш.

Абур-Раби́Ӏа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«АллахӀе дерза шу, шаьш астагӀа я меже йойна делахь а, аш ла ма дегӀа могашалла хиларе я шаьш тодаларе, баккъалла а, могашалле ладегӀар мукъа Ӏар ду».** Ибн ӀатӀо́илла́хӀа (Дала къинхетам бойла цунах) ***«Аль-Хьикам»*** цӀе йолчу жайнахь аьлла: **«ПаргӀата хан хиллалц Ӏамал яр тӀаьхьатеттар са аьрта хиларх ду».**

## Тоба даран бехкамаш, къинойх ларвалар а

АллахӀан новкъа волучу муридо уггар хьалха дан дезарг, Веза-Сийлахьчу АллахӀе шегара дийлинчу дерриге къиношна даггара тоба дар ду. Нагахь санна цунна тӀехь адамийн хьокъех хьакхалуш долу къалатадар делахь, шен аьтто белахь цуьнан хьокъах дӀацӀанваларна сихо йойла цо, аьтто бацахь – цуьнгара къинтӀеравалар лохийла цо. Баккъалла а, шен вортанах хьаьрчина нехан хьакъ долуш волчу стагана нийсачу новкъа ваха ца тарло. Тоба нийса хиларан бехкам – ша динчу къиношна даггара дохковалар, ша вехачу заманахь кхин и саннарг дийр дац аьлла дог-ойла хилар ду. Амма стаг тоба динчул тӀаьхьа къинош летош велахь я уьш лето ойла йолуш велахь, цуьнан

тоба къобал хир дац. Мурид даима къера хуьлийла, АллахIа важиб дина шена тIедиллина хIума кхочушдарехь шегара яьллачу ледарлонна. Шен ледарлонна гIайгIане волуш, и бахьанехь шен дог доьхна и мел ву, АллахI шеца вуйла хоийла цунна, Веза-Сийлахьчу АллахIа къудусийн хьадисехь аьлла дела: **«Сан дуьхьа шайн дегнаш доьхначарна гергахь ву Со».**

Мурид декхарийла ву, даккхийчу къинойх ларвелла ца Iаш, адам дуьйш долу дIовш маларх ларваларал а чIогIа кегийчу къинойх ларвала а. ТIаккха иза ша оцу къинойх цхьа къа динехь кхеравелла хир ву, ша дIовш мелча кхераваларал чIогIа, хIунда аьлча Iеса леларо дегнашна бохам бо, дIовш маларо догIмашна бохам барх терра. Ткъа бусалба стагана дог шен дегIал хьоме ду, цуьнан уггаре мехала даьхни – шен дог лардар, иза кхиадар а ду. Адаман дегI дуьненан баланашна кхоьллина ду, ша деллачул тIаьхьа эрна дан а довш, делахь а цуьнан дIадалар – хала а, сингаттаме а долчу дуьненах дIакъастар бен дац. Бакъду, дог эрна дайча, цуьнан эхарт а эрна дов. Баккъалла а, АллахIан оьгIазлонах хьалхавер вац я, Иза реза хиларца, Цуьнгара ял хиларца а декъала хир вац, цIенчу дагца АллахIна дуьхьал веанарг бен.

## Шен дог шайтIано дагатуьйсучух, кхераме долчух а лардарехь къахьегар

Мурид декхарийла ву, шен дог шайтIано дагатуьйсучух, бохаме долчух, кхераме долчух а лардеш къахьега. Цо шен деган неIарехь пардо дан деза, оцу чу вуониг дахарх иза Iалашдархьама, баккъалла а, и вуониг оцу чу дахча, цо иза талхадо, цул тIаьхьа оцунах и дог дIацIанда хала а хуьлу. АллахI шена чу хьожуш долу шен дог дуьненан марзонех, бусалба нахаца хьагI лелаярх, цабезамах, уьш Iехорах а, цаьрца вуон ойла кхоллаяларх а кхоччуш лардарна тIехь къахьега деза цо. Царна хьехам беш, цаьрца къинхетаме, царах доглозуш, цаьрца дика ойла йолуш, шена дезаш долу дика царна дезаш, шена ца дезарг царна ца дезаш а хила веза иза. Хьо хууш хилалахь, хIай мурид, баккъалла а, дагца йолу Iесалла кхийолчу меженашкахь йолчу Iесаллел боьха, ирча а ю, оцу Iесаллех иза цIена хилча а бен Веза-Сийлахь Волу АллахI вовзар, везар а шега досса мегаш ца хуьлу и дог. Деган Iесаллех уггаре ирча дерш – куралла, моттаргIанаш, хьагI лелаяр а ду.

Куралло, стагехь йолу барам боцу сонталла, цакхетам, Iовдалалла а гойту. Ткъа ша хин тIадамах кхоьллина хилар, дукха хан ялале ша веллачул тIаьхьа шен дегI даххалург хилар а хууш волчо куралла муха йо, шегахь дозалла дан, воккхавеван а хIума делахь а. Иза дерриге АллахIан комаршонах, Цуьнан

балхах а ма ду, оцу адаман ницкъах дац иза хилийтар я цунах хьалхавалар. Шен комаршонца АллахIа шена деллачуьнца АллахIан лешна тIехь ша куралла йича, шен вуон гIиллакх бахьанехь, АллахIна бен хила йиш йоцу куц Цуьнца къийсар бахьанехь а АллахIа шена делларг шегара дIадаккхарна ца кхоьру те иза?

МоттаргIанаш лелоро гойту, уьш лелош волчу стеган дог АллахIан возалла, сийлалла а довзарх даьсса хилар, хIунда аьлча цо шен Iамал, ша деш долу хIума хаза, лерина а дар АллахIа кхоьллинчу халкъана гайтархьама до, цунна кхачаме ца хуьлу Iалам кхоьллина Волчу АллахIна иза гуш, хууш а хилар. Нахана и хаа лууш, цаьрга ша вазвайтархьама, цаьрга шена дика болх байта а ша дика Iамал йинарг – иза дуьне дезаш а, кхетам боцу моттаргIанаш лелош а верг ву. ХIунда аьлча, дуьне дIатеснарг, нах ша хасто я вазван, я шена даьхни дала гIоьртича, и ца дезаш, цунах дIавоьрзуш а хуьлу, ткъа моттаргIанаш лелош верг эхартан Iамалца дуьне лохуш ву, цул кхетам боцуш верг мила хир вара?! Нагахь иза дуьне дIатаса ницкъ кхочуш вацахь, цунна и лахар там болуш ма дара массо хIума шен долахь долчуьнгара – Иза АллахI Ву. Баккъалла а, адамийн дегнаш АллахIа Ша реза волчу хIуманна тIедерзадо, Шен луъучу хIуманехь Цо Шена муьтIахь а до уьш.

Ткъа хьагI лелор – иза АллахIца гуччохь долу мостагIалла лелор, билггал долу Цуьнан паччахьалла Цуьнца къийсар а ду. ХIунда аьлча, Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен лех цхьаболчарна ниIматаш делча, цхьа а шеко яц АллахIна царна уьш дала лиъна хиларх, оцунна Цо уьш хаьржина хиларх а, хIунда аьлча нуьцкъаш Цуьнга иза дайта цхьа воцу дела. Оцу АллахIан лена Шен Эланна лууш долчунна бIостанехьа дерг лиъча, баккъалла а, цо шен вуон гIиллакх хилар гойту, шен дегI хIаллакьхиларе а тосу. Баккъалла а, хьагIлацар – наггахь дарж, даьхни а санна болчу дуьненан белхаш бахьанехь хуьлу, ша бахьанехь хьагI лаца кIеззиг хIума ду иза. Бакъду, хьуна там болуш ма дара оцу балхаца зийначух къахетар, цунах хьой маьрша витинчу АллахIна хастам бар а. Наггахь хьагI лацар – Iилма, дикалла а санна долчу эхартан белхаш бахьанехь хуьлу. Муридехь ма товш дац ша санна некъ лелош, шен балхехь шена гIо деш волчуьнца хьагI лацар, бакъду, цунна там болуш ма ду цунах воккхавеш хила, хIунда аьлча иза цуьнан гIоьнча, и шеца цхьаьна хилча цуьнца чIагIлуш накъост ма ву, ткъа бусалба стаг шен вешица хилча, цхьалха ца вуьсуш алсамволу. Муридана там болуш дерг шен дагца деза а дезаш, шен дегIаца къа а хьоьгуш нах АллахIан новкъахь гулбар, уьш АллахIна муьтIахь хиларна тIехь совцабар а ду, уьш шел толаре я ша царел толаре ца хьоьжуш. Баккъалла а, иза АллахIера рицкъа ду, Веза-Сийлахьчу АллахIа Шена луург къаставо Шен къинхетам барца. Даг чохь кхин дуккха а

сийсаза гIиллакхаш ду, оха уьш ца хьахийна дах ца дархьама, амма царех коьрта долчарна тIехь само яйтина оха. Оцу вай хьехийначу дерригенан нана, бух, и схьадолу меттиг а дуьне дезар ду. Ткъа и дуьне дезар массо а галдаьллачу хIуманан корта бу, хьадисехь деана ма-хиллара. Дог цунах маьрша хилча, баккъалла а, мегаш, цIена, нуьре, дика а хуьлу, нуьре белхаш кхочушбан кийча, къайленашна охIла а хуьлу иза.

### Шен дегIан меженаш Iесаллех, дуьненах Iехаваларх а ларъяр

Мурид декхарийла ву, Iесаллех а, къинош леторах а шен дегIан меженаш ларъярна тIехь къахьега, АллахIна муьтIахь хиларехь бен уьш меттах ца яха, цаьрца шена эхартахь пайден дерг бен ца дан а. Шен мотт ларбарна тIехь къахьоьгийла цо, баккъалла а, и ша жима белахь а, цо беш болу бохам боккха бу. Пуьташ боттарх, гIийбат дарх, кхидолу ца магош долу къамелаш дарх сацабойла цо иза. Иза ларлойла оьзда доцу къамел дарх а, шен гIуллакх доцург дийцарх а – и хьарам дерг дацахь а, баккъалла а, цо дог дакъадо, цуьнгахь эрна хан яйар а ду. Бакъду, муридана там болуш ду шен мотт Къуръан доьшуш я АллахI хьехош, я бусалба стагана хьехам беш, я диканиг де, вуониг ма де, олуш, я шен эхарт тодарна тIехь гIо лохуш, дуьненан хьаштех шена оьшу хIума хьахош бен ца лебар. Баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Адаман доьзалхочо мел деш долу къамел цуьнгахьа доцуш, цунна дуьхьал ду – АллахI хьехор я диканиг де, вуониг ма де, аьлла, омра дар доцург».**

Хьо хууш хилалахь, баккъалла а, хазар, бIаьрса а дагна тIебоьдучу новкъахь дIайиллина ши неI хилар, шаьшшинна чухула мел даьлларг дагна тIе а кхочуш. Ма дуккха там боцуш долу хIума хеза я го адамана, и бахьанехь дагна тIехь вуон лар юьсуш, тIаккха и дIаяккха чIогIа хала а хуьлуш. Баккъалла а, шена чу мел дуьжучу хIумано сихонца даг чохь лар юьту, ткъа и лар оцу чуьра дIаяккха чIогIа хала хуьлу. Мурид - шен хазар, бIаьрса а лардарна тIехь сутара, шен дегIан меженаш къинойх, ца оьшуш долчух ларъярна тIехь къахьоьгуш а хуьлийла. И ларлойла дуьненан хазалле вокххавеварца бIаьрг хьажабарх, баккъалла а, дуьненан гушдолу сурт питана ду, цунах къайлах дерг тергам бу. БIаьрг цуьнан питанах гушдолчуьнга хьоьжуш бу, ткъа дог цуьнан къайлах болчу тергаме хьоьжуш ду. Масане мурид хир ву, ша дуьненан хазалле хьаьжна, тIаккха шен дагца и дезаре, гулдаре а тевжина. Хьуна там болуш ма ду, хIай мурид, дуьненна тIе безам мел бохуьйтучу хIуманах хьайн бIаьрг ларбар, цунах цхьана а хIумане ца хьажар, тергам баран лаамца бен. И бохург – хьо цуьнга хьаьжча, хьуна иза, пана хилла дIадер ду, аьлла, иза хьалха хилла дац, аьлла а, дагадар ду. Ма

хийла адам хьежна оцу дуьнене, и адам дӀадолуш, ткъа дуьне дуьсуш; ма дукха ирс эцна-кх хьалха дІабаханчарех тІаьхьабогІучара. Хьой дуьнен чохь долчу хІуманашка хьоьжучу хенахь, и кхоьллина Волу АллахІ кхоччуш ницкъ болуш хиларна хьой тІенисвечу агІор хьажалахь цаьрга. Баккъалла а, дуьнен чохь мел дерг шена беллачу маттаца, Веза-Сийлахь Волу АллахІ Воцург, кхин дела вац, бохуш, кхойкхуш ду, АллахІа шайн дегнаш нуьре дина, АллахІера нуьраца хьоьжуш болчарна хаза а хезаш.

## Даима ламаз карахь латтор,
## яахІума оьшучу барамал дукха ца яар

Муридана там болуш ду даима ламаз карахь латтор, шен ламаз карара мосазза долу ламаз эцна, ши ракаІат суннат ламаз дар а. Нагахь иза зуда ялийна велахь, цуьнца шен юкъаметтиг еъча, лийча сихо йойла цо, лийчар тІедоьжна волуш ма Іойла иза. Цо шен ламаз карахь латторна тІехь гІо лохийла яахІума кІезиг ярца, хІунда аьлча, яахІума дукха юуш волчун ламаз сих-сиха карара долу, тІаккха цунна хала хуьлу даима ламаз карахь латто. ЯахІума кІезиг яаро наб тІе ца тийсарна тІехь а гІо до, ткъа наб кІезиг яр муридан уггаре мехала куц ду. Муридана там болуш ду ша чІогІа мацвелча бен яахІума ца яар, шена тІехь наб тоьлча бен дІа ца вижар, шена оьшучу меттехь бен вист ца хилар, шен динна пайда хуьлуш йолчу меттехь бен нахаца охьа ца хийшар а. ЯахІума дукха юуш волчун дог дакъало, Іибадат ца далуш дегІ дазло, яахІума дукха яаро дукха наб яре, дукха хабар дийцаре вуьгу. Муридо наб яр, къамел дар а дукха хилча, цуьнан муридалла баккъалла а ца хуьлу, цхьа цІе хилар доцург. Хьадисехь деана: **«Адаман беро шен генал вуон йолуш пхьегІа юьзна яц. Адаман беран шен букъ нисбаллал йолу кхоллу хІума кхачаме ма ю** (шен дегІехь ницкъ латто)**. Нагахь хІума ца йиъча волуш вацахь, кхоалгІа дакъа юучу хІуманна, кхоалгІа дакъа молучу хІуманна, кхоалгІа дакъа са даІарна юьтур ю».**

## МуьтІахь хиларца АллахІна Іибадат дарна тІеверзар

Муридана там болуш ду кхиболчу нахал Іесаллийна, АллахІа дихкинчу хІуманашна а генавалар, шена тІедехкина парзаш, кхидолу декхарш а царачул чІогІа лардеш хилар, АллахІна гергавуьгуш йолу Іамал ярехь царел сутара хилар, дика хІума дарехь царел каде хилар а. Баккъалла а, мурид нахалахь къаьстина ца хуьлу, АллахІна тІеверзарца а, Цунна муьтІахь хиларца а, Цунна Іибадат дарх ша дІахьовзош долу дерриг хІуманаш дитарца а бен. Иза сутара хулийла шен садаІар, хан а ларъярна тІехь, цо цунах кІезиг ерг я дукха ерг а ша АллахІна герга вуьгучу агІор, эхартахь шена пайде хир

йолчу кепара бен а ма йойъийла. Цунна там болуш ду, массо кепара Iибадатех цхьа дакъош вирд дина тIелаьцна лардар, халонехь я паргIатонехь а ша тIелаьцначу Iибадатех цхьа хIума дитар шена мага а ца деш. Цо Къуръан дешар алсам доккхийла, цуьнан маьIнийн ойла а еш, и дешаран бакъонаш а ларъеш. АллахIан сийлалла даг чохь латтош хулийла иза ша Цуьнан къамел доьшучу хенахь. Говзачу меттанашца, чIогIачу аьзнашца, АллахIах кхерарх, Цуьнан сийлалла дагахь латторах гIопал хиллачу наха дешарх терра ма доьшийла цо иза. Цара иза доьшу, юьххьера дуьйна чекхдаллалц, цуьнан маьIнех ца кхеташ, иза доссадаран бахьана хIун ду ца хууш; шайна иза хаахьара цуьнца Iамал йийр ма яра цара. Баккъалла а, Iилма пайден дерг ма ду. Шегахь Iилма долуш Iамал ца еш волчунна, ца хууш волчунна а юккъехь башхалла яц, и хууш волчуьнга АллахIа жоп дехар чIогIа хилар бен. ХIокху вай дийцинчун ойла йича, хууш воцчун хьал Iилма долуш волчул гIоле хуьлу. Цундела олуш ду-кх: **«Ахь шеца пайда ца оьцуш долчу Iилманал гIоле, ца хууш хилар ду».**

Хьо хуьлийла, хIай мурид, тахIажжуд ламаз деш, баккъалла а, лай шен Элаца цхьалха вуьсу хан ю буьйса. Ахь совдаккха цу чохь АллахIна хьаставалар, гечдар дехар, хьайн Деле кхайкха хьо гIийлачу, хьастабеллачу маттаца, хьайн дог Цунна муьтIахь, гIорасиз а хилар гойтуш. Хьо ларлолахь буьйса денъяр дитарх, Веза-Сийлахь Волу АллахI хьехо хьой самаволуш а бен Iуьйкъенга ма волийла хьо.

## Парз ламазаш лардар, Iибадатан маьIна – иза АллахI дагахь латтор хилар а

Хьо хила, хIай мурид, пхи ламаз дарна тIехь чIогIа тергам беш, царна тIехь деша дезаш дерг, АллахIах кхерар, церан рукуI, сужда, церан кхийолу рукнаш, суннаташ а лардеш. Айхьа ламаз дехкале хьалха хьой Веза-Сийлахьчу АллахIна хьалха дIахуттуш хилар дагадаийта хьайна. Хьо ларлолахь паччахьийн Паччахь, уггар нуьцкъала Волчуьнга дуьненан ойланаш еш гIопал хиллачу дагца дехарх, хьо лар ца велча хьуна АллахIера оьгIазло, Цуьнан къинхетамах генаваккхар а хуьлуш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Делан лай ламазна хIоьттича, АллахI Шен къинхетамца хьожу цуьнга, ткъа иза дIавирзича, Веза-Сийлахьчу АллахIа олу: «Адаман кIант шена Соьл дика хеташ волчунна тIевирзи». ШозлагIа а иза дIавирзича, хьалха аьлларг олу АллахIа. Ткъа иза кхозлагIа дIавирзича, АллахI дIавоьрзу цунах».** Шен юьхь дIаерзийначух АллахI дIавоьрзуш хилча, ламазехь шен дагца дуьнене, дуьненан хазалле воьрзуш волчун хьал муха хир ду тIаккха?! Баккъалла а,

Веза-Сийлахь Волу АллахӀ догӀмашка а, гучохь долчуьнга а хьоьжуш вац, амма, бакъду, Иза хьоьжу дегнашка а, къайлах долчуьнга а.

Хьо хууш хилалахь, дерриге Ӏибадатан са а, цуьнан маьӀна а – иза Ӏибадат дечу хенахь АллахӀ дагахь латтор ду. АллахӀ дагахь воцуш дина долу Ӏибадат чан хилла дӀадер ду. Ткъа АллахӀ дагахь воцуш Ӏибадат дечун масал, паччахьна совгӀатна чохь са доцу гӀарбаш я даьсса тӀоркӀаз деллачун масалх терра ду, ма герга ву и саннарг шена таӀзар хила а, шена ял ца луш виса а.

## Рузба, жамӀатехь ламазаш дар а, парз ламазашца цхьаьна суннат ламазаш лардар а

Хьо чӀогӀа ларлуш хилалахь, хӀай мурид, рузба, жамӀатехь ламазаш дар а дитарх, баккъалла а, иза доьхна хӀума лелочу нехан Ӏадат, жехӀил нехан билгало а ю. Парз ламазашна хьалха а, тӀаьхьа а долу суннат ламазаш лардеш, витрунах, духьа, аввабин а ламазаш тӀелаьцна лелош а хила хьо. Къаьсттина чӀогӀа – Ӏуьйра ламаз динчул тӀаьхьа малх схьаккхетталц йолу хан, малхбуза ламаз динчул тӀаьхьа малх чубуззалц йолу хан а ларъеш хила хьо, и шиъ еза ши хан ю, оцу хенахь АллахӀ хьехош болчарна Веза-Сийлахьчу АллахӀера беркаташ тӀедуьссуш. Ӏуьйра ламазал тӀаьхьа йолу хан ларъярехь къаьсттина дегӀана оьшуш долу рицкъа тӀедохьу пайда бу, ткъа малхбуза ламазал тӀаьхьа йолу хан ларъярехь къаьсттина дагна оьшуш долу рицкъа тӀедохьу пайда бу. И иштта хилар билгалдаьлла АллахӀ вевзаш болчу баккхийчу эвлаяашна. Хьадисехь деана: **«Баккъалла а, Ӏуьйра ламазал тӀаьхьа, ша ламаз динчу меттехь АллахӀ хьехош охьахиъна Ӏаш волчунна рицкъа тӀедар сиха ма хуьлу, дуьне мел ду рицкъа лоьхуш лелаш волчунна чул а».**

## Массо хьолехь, массо хенахь, массо меттехь а АллахӀ дагахь латтор

АллахӀан омранаш кхочушдеш, хьарам долчух ларлуш, даима АллахӀ хьехош волчунна сатуьйсийла ю нийсачу новкъа нисваларе. Хьо хьайн дагца а, маттаца а, хӀай мурид, массо хьолехь а, массо хенахь а, массо меттехь а иштта хилалахь. АллахӀ хьехоран дерриге маьӀнаш чулоцуш, цуьнан гушболу, къайлах болу пайданаш шегахь берг – иза **Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу** боху дош ду. Хьалха дӀабаханчаьрга, тӀаьхьа тӀебогӀучаьрга а ларде аьлла омра дина АллахӀ хьехор ду иза.

ТӀарикъатан къайленех марзо эца лууш, хьакъикъатан нуьречу дакъошна цхьана хӀуманца тӀекхиа лууш верг цӀенчу дагца, дуьззинчу гӀиллакхца,

даггара тӀеверзарца, шатайпана башхачу некъаца а Веза-Сийлахь Волу АллахӀ хьехорна тӀехь латтийла.

Цхьана стагехь хӀара вай дийцина куьцаш гуллур ма дац, стиглара Ӏаламаш цунна дӀадоьллуш бен, цуьнан са цӀенчу Ӏаламашна тӀекхуьуш бен, цуьнан деган бӀаьргашна уггаре цӀена, сийлахь а йолу хазалла гуш бен.

Хьо хилалахь, хӀай мурид, ойла дукха еш, ткъа ойлаяр кхаа декъехь ду:

– АллахӀан ницкъ тамашийна боккха хиларан, стигланаш, латтанаш а тамашийна говза кхоьллина хиларан а ойлаяр. Цунах схьаболу стом – АллахӀ вовзар ду.

– АллахӀа деллачу ниӀматийн а, диканийн а ойлаяр. Цунах схьаболу пайда – АллахӀ везар ду.

– Дуьненан, эхартан, цу шинна чохь долчу хӀуманийн хьелийн ойлаяр а. Цунах схьаболу пайда – дуьненах дӀаверзар, эхартана тӀеверзар а ду.

**Шен дегӀ Ӏибадат дарна тӀехь мало ярх, шарӀана дуьхьал долчу хӀуманашка товжарх а лардар**

ХӀай мурид, хьайн дегӀехь Ӏибадат дарна, дика хӀума дарна тӀехь а мало хаалахь, АллахӀан къинхетаме догдахарца хьайн дегӀан дола де ахь. Иза ахь хьайна дагадаийтар ду, АллахӀа Шена муьтӀахь хилла Ӏамал йиначарна чӀагӀо йинарг – йоккха декъалалла а, даима хир долу ниӀматаш а, къинхетам а, АллахӀ резахилар а, ялсаманин бошмашкахь даима латтар а, Веза-Сийлахьчу АллахӀна а, Цуьнан лешна а гергахь сийдолуш, даржехь веза а хилар.

ШарӀана дуьхьал долу хӀуманашка я вуочу хӀуманашка хьайн дегӀ товжар хьайна хааделча, АллахӀах кхераран шед тохарца и духадерзаде ахь. Иза ахь хьайн дегӀана хьехам бар, цунна дагаяийтар а ду, АллахӀа Шена Ӏеса хиллачунна Ӏазап лур ду аьлла йина чӀагӀо: аьшнаш вар, хӀаллакьхилар, сийсазалла, таӀзар дар, къинхетамах генаваккхар, диканах дӀахадавар, эшам хилар а.

Хьо ларлолахь цхьаболчу кхетам боцчу нахана санна ялсаманин, жоьжахатин а болх кӀезиг хетарх, АллахӀа а, Цуьнан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а даздинарг деза хетийла хьуна. АллахӀна Ӏамал елахь, Иза хьан Дела, хьо Цуьнан лай а хиларна. Ахь Цуьнга Шен комаршонца, къинхетамца а хьой ялсамане вахийтар, жоьжахатих ларвар а дехалахь.

Нагахь шайтӀано (Делан неӀалт хуьлда цунна) хьоьга алахь: «Баккъалла а, Веза-Сийлахь Волу АллахӀ хьо а, хьан Ӏамал оьшуш вац, хьо муьтӀахь хиларо Цунна пайда бийр бац я хьо Ӏеса хиларо Цунна зен дийр дац», ахь цуьнга ала: «Бакълуьйш ду хьо, делахь а, со АллахӀан комаршонга, дика Ӏамал ярга а хьашт ву, Цунна муьтӀахь хиларо суна пайда бо, Цунна Ӏеса хиларо суна зен до, иза суна сан Дала дийцина Шен сийдолчу Къуръана чохь, Шен Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) маттехула а».

Нагахь шайтӀано (Делан неӀалт хуьлда цунна) хьоьга алахь: «Хьо АллахӀна гергахь декъала хила язвина велахь, шеко йоцуш, хьо ялсамане гӀур ву хьуна, хьо муьтӀахь хилар я Ӏеса хилар башхалла йоцуш. Нагахь Цунна гергахь хьо дакъаза вала язвина велахь, хьо жоьжахате гӀур ву хьуна, хьо муьтӀахь хиллехь а». Ахь шайтӀанан даше ла ма дегӀалахь, хӀунда аьлча, азаллехь яздинарг къайлах ду, АллахӀ Воцчунна хаа йиш йоцуш. Ткъа АллахӀна муьтӀахь хилар уггаре чӀогӀа делил ду, АллахӀна гергахь декъала хила язвина хиларна. АллахӀна муьтӀахь волчунна а, ялсаманина а юкъахь хӀумма дац, АллахӀна муьтӀахь волуш валар доцург. Ткъа АллахӀна Ӏеса хилар уггаре чӀогӀа делил ду, АллахӀна гергахь дакъазавала язвина хиларна. АллахӀна Ӏеса волчунна а, жоьжахатина а юкъахь хӀумма дац, АллахӀна Ӏеса волуш валар доцург.

## Синошкахь хуьлуш долу хьелаш а,<br>даима собаре хила везаш хилар а

Хьо хууш хилалахь, хӀай мурид, баккъалла а, некъан хьалхе собаре хилар ду, цуьнан чаккхе шукра дар ду. Цуьнан юьхьиг хало лар ду, цуьнан чаккхе ирсе хилар ду. Цуьнан юьхьиг къадвалар, гӀелвалар а ду, цуьнан чаккхе толам, хӀуманна тӀекхиар, шен Ӏалашоне кхачар а ду. Иза – АллахӀ вовзар а, Цунна гергавахар а, АллахӀ дукхавезар а, Цуьнан маликашца цхьаьна Цуьнан сийлахьчу меттехь латтар а ду. Шен берриге белхаш хазчу собарца чӀагӀбинарг массо дикане, ша сатуьйсуш долчуьнга а кхочу, ша мел лоьхучу хӀуманна тӀехь толам а боккху цо.

Хьо хууш хилалахь, белхан юьххьехь адаман са вуочу хӀуманца омра деш, диканах иза духадетташ а хуьлуш хилар. Ткъа адамо шен дегӀана дезачунна дуьхьал къийсам латторца къахьегча, шен дегӀан лаамашна ца дезачунна тӀехь собар дича, шегара яьллачу Ӏесаллийна ша-шен дегӀана бехкбуьллуш хуьлу иза. ТӀаккха цуьнан са цхьайолчу хенахь паргӀатдаларе, цхьайолчу хенахь вуочу хӀуманца омра даре тийжаш хуьлу. Нагахь цо, цунна накъосталла деш, АллахӀна гергахь долчуьнга сатийсаран новкъа и дигахь, и

са паргӀатдаьлла хуьлу, диканца омра деш, цунах марзо оьцуш, цунах самукъа долуш, вуочух иза вухатухуш, цунах къаьхкаш, додуш а. Шен са паргӀатдолуш волчун цецвалар доккха хуьлу - шеца паргӀато, самукъа далар, марзо а йолуш долчу АллахӀна муьтӀахь хиларх дӀа а бирзина, шеца гӀайгӀа, цхьалхависар, къахьо а йолчу Ӏесаллийна, дегӀан лаамашна а нах тӀеберзарх. Цунна моьтту, цу шина балхехь оцу нахана шена хаалуш дерг хаало, цул тӀаьхьа цо шена дагадоуьйту, шен дегӀан лаамашна тӀаьхьаваьлла ша лелачу хенахь шена хаалуш хилла йолу марзо, АллахӀна муьтӀахь хиларехь шена хаалуш хилла йолу хало. ТӀаккха цунна хаьа, еххачу заманахь къахьегарца, АллахӀа ша Ӏалашварца а бен ша оцу хьоле кхаьчна ца хилар.

Баккъалла а, хьуна хии, Ӏесачу хӀуманах, дегӀан лаамех а шен дегӀ духатохарехь, АллахӀна муьтӀахь хиларна тӀехь а и сацош деш долу собар – иза массо а дикане, массо сийлахьчу меттиге а, лакхарчу дарже а кхачош некъ бу. Ишта муха хир дацара иза, Веза-Сийлахьчу АллахӀа ма боху: **«ХӀай ийман диллина нах, собаре хила, собарца толам а баккха, АллахӀан новкъахь къа а хьега, АллахӀах кхера, декъала хир ду шу».** *«Алу Ӏимран», 200.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Исраилан доьзалшна тӀехь кхочушхилира хьан Делан хаза дош, цара собар дарна».** *«Аль-АӀраф», 137.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха царех имамаш бира, Тхан омранца нах нисбеш, уьш собаре хиллачу хенахь. Уьш бара Тхан аятех тешаш».** *«Ас-Саждат», 24.*

## АллахӀа халкъана юккъехь рицкъа декъна хилар

Наггахь мурид зуьйш хуьлу къеллица, мискаллица, дахарехь гатто хиларца а. ТӀаккха цунна там болуш ма ду оцу тӀехь АллахӀна шукра дар, иза АллахӀа шена деллачу даккхийчу ниӀматех ларар а, хӀунда аьлча дуьне мостагӀ ду, АллахӀа иза, дукхахьолахь, Шен мостагӀашна тӀедерзадо, Шен гергарчу нахах дӀа а хьовзадо. АллахӀна хастам бойла цо, Шен пайхамарех (Делера салам-маршалла хуьлда царна), эвлаяэх, дикачу лех а Цо ша тарварна. Баккъалла а, элчанийн эла, массо халкъал дика а волчу Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен гай тӀе тӀулг боьхкуш хилла мацаллина. Цкъацкъа ши бутт я цул алсам хан йолуш хилла, цуьнан хӀусамехь яахӀума кечъян я кхидолчу хӀуманна цӀе ца латош, иза хене волура хурманца а, хица а. Наггахь ша волчу хьаша веача, шен иссе хӀусаме цхьаъ вохуьйтура цо, амма цхьанхьа а хьешана яла яахӀума ца карайора цунна. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дӀакхелхина, цуьнан гӀагӀ (кольчуга) ткъе итт

сахь мекхана дуьхьал цхьана жуьгтичунна гергахь закъалтана (залог) делла а долуш. Цуьнан хIусамехь адамо дуучух цхьа кана ялта ма дацара. Цундела, хIай мурид, хьайн лаамца, дуьненаца йолчу хьайн ойланца а хьайн бехке меттиг къайлайоккхучу бедарх, мацалла юхатухуш хьаналчу рицкъанан цхьа кIеззиг йолчу яахIуманах а кхачам беш хуьлийла хьо.

Вуьйш долчу дIовшах ларлолахь, иза ахьа дуьненца марзо эцаре, цуьнан хазаллица зовкх хьегаре сатийсар, цунах марзо оьцучу нахах хьо хьегар а ду. Баккъалла а, цаьрга хоттур ду цу ниIматех лаьцна, царна хьесап а дийр ду цаьрга кхаьчначу дуьненах а, цара цунах эцначу марзонах а. Хьуна кхачаме ма ду дуьне дезарх вухавала, иза тесна дитарна Веза-Сийлахьчу АллахIан дош: **«Массо нах цхьа уммат хилла дIахIуттур дацахьара** (бусалба нахана, цаьргахь рицкъанан шорто хиларна керсталла дезалур дацахьара)**, Оха хуьлуьйтур ма дара Къинхетаме Волчух ца тешаш болчарна – церан цIеношна датон тхевнаш а, ламеш а, уьш шайна тIехула хьалабовлуш болу. Церан цIеношна неIарш а, маьнгеш а** (детех хуьлуьйтур бара Оха)**, уьш шайна тIе дIатевжуш болу.** (Кхин) **хазаллаш** (деши) **а** (лур яра Оха царна)**. Иза дерриге а – дуьненан дахаран хIума бен ма яц. Ткъа эхарт** (ялсамани) **хьан Далла гергахь АллахIах кхоьручарна ю».** *«Аз-Зухруф», 33-35.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Дуьне бусалба стеган набахте, керста стеган ялсамани а ю. АллахIна гергахь чуьркан тIоман мехха иза делахьара, Цо керста стаге цунах хин къурд бойтур бацара».**

Баккъалла а, Шеца там боцчух цIена Волу АллахI Ша дуьне кхоьлличхьана, цуьнга дIахьаьжна вац.

Хьо хууш хилалахь, рицкъа АллахIа хIоранна лерина, декъна а хилар. АллахIан лех бу Цо рицкъанехь совбаьхнарш а, рицкъанехь гатто йинарш а. Иза АллахIера хьикмат ду. Хьо рицкъанехь гатто йинчех велахь, хьуна тIехь собаре, реза а хилар, АллахIа деллачунна тоам бар а ду. Амма хьо рицкъанехь совбаьхначех велахь, хьайна тоъал дерг хууш хилалахь, хьайн карахь долчух хьайна оьшшучул схьаэцалахь. Дисина даьхни дикачу, беркатечу некъа хьовзаделахь.

Хьо хууш хилалахь, адамана АллахIан новкъа дала лиъча, цунна тIедиллина дац шен даьхних дIахадар – нагахь иза даьхни долуш велахь, я шен говзалла, йохк-эцар а дIатаса а – иза говзанча я совдегар велахь. Бакъду, цунна тIедиллина ду ша воллучу хьолехь АллахIах кхерар, рицкъа лахарехь

дика агIо лелор а, шен парз я суннат ца дуьтуш, АллахIан новкъа вахарехь шеца гIо лаха мегаш доцчу хьарам долчуьнга, барамал совдолчуьнга а ца кхийдаш.

Нагахь мурид хууш велахь, шен дог нисдалар, шен дин тодалар а даьхних, цуьнца доьзначух а дIацIанделча бен кхочушхирг ца хилар, иза декхарийла ву цунах дIацIанвала. Нагахь иза хIусамнаной, бераш а долуш велахь, царна напха, тIедуха хIума латтор шена тIехь важиб долуш – иза декхарийла ву и кхочушдан, оцу тIехь къахьега а. Нагахь шарIаца йогIуш йолчу бехказлонца и кхочушдарх иза гIорасиз хилахь, тIаккха оцу декхарх, къа латорах а хьалхаволу иза.

Хьо хууш хилалахь, хIай мурид, АллахI реза Волу Iамал ян, дегIан лаамашна генавала а, дуьненах дIаверза а хьан ницкъ кхочур ма бац, хьо дуьнен чохь вехар волу хан кIезиг денош хилар, дукха хан ялале хьо лийриг хилар а хьайн дегIана ахь дагадаийтича а бен. ТIаккха валар бIаьргашна дуьхьал лаьттар ду хьуна, цунна кечам бийр бу ахь, муьлххачу хенахь и хьайга кхочур ду аьлла догтешна хир ву хьо.

ХIумане дукха сатийсарх ларлолахь, баккъалла а, цо хьо дуьне дезаре товжор ву, хьуна АллахIна муьтIахь хилар, Iибадатна тIеверзар а, эхартан новкъа валар а хала дийр ду. Валар герга дуй, дахар доца дуй хаарехь ду дерриге а дика; иза хууш хилалахь, АллахIа вайна массарна гIо дойла оцу тIехь.

## Наха бечу цатомана собаре хилар, церан питанах ларвалар

Ца кхеташ болчу наха хийла цхьаболчу муридашна халахетар деш, шаьш царна резабацар гойтуш, уьш сийсазбан гIерташ хIуманаш леладо. Нагахь санна оцу балхах цхьадолчуьнца хьо зехь, собаре хилалахь, хьайн дог хьогIах а, вуон ойла ярх а ларделахь, царна дуьхьал бекхам бан ма гIерталахь. Хьайн зен динчунна вуонца доIа дарх ларлолахь, нагахь цуьнга бала кхачахь, цо хьайна зен дар бахьана долуш кхаьчна иза, ма алалахь.

Хьайна динчу халахетарна тIехь хьо собаре хиларал деза ду хьуна, хьо и халахетар динчунна къинтIера валар, ахь цунна диканца доIа дар а; иза бакълуьйчу нехан гIиллакх ду хьуна. Нах хьайх дIаберзар АллахIа хьайна деллачу ниIматех лара ахь, хIунда аьлча уьш хьуна тIебирзича, хьо АллахIна Iибадат дан паргIат вуьтур вац цара. Нагахь уьш хьуна тIеберзарца, цара хьо вазварца, хьо хесторца, юх-юха хьуна тIелеларца хьо зехь, хьо ларлолахь церан питанах, хьайн сакхташ царех хьулдинчу АллахIна шукра а делахь.

Нагахь санна айхьа царна товш дерг а, церан самукъадолург а лелорна а, цаьрца цхьаьна веттавалар бахьана долуш АллахIна Iибадат дарна тIехь айхьа ледарло ярна а хьой кхоьруш велахь, царех дIакъасталахь, царна хьайн неI дIакъовлалахь. Нагахь цунах гIуллакх ца хилахь, хьой вевзаш волчу меттера хьой ца вевзачу метте кхелхина гIолахь.

Хьо ларлуш хилалахь нахана юккъехь гIаравалархь, баккъалла а, цуьнгахь питана, зер а ду хьуна. Хьалхалера Iеламнаха олуш хилла: **«Делора, лен АллахIах тешар кхоччуш хир ма дац, нахана юккъехь гIаравалар ца дезаш иза хилча а бен».** Иштта цара олуш хилла: **«Нахана юккъехь гIаравалар дезаш волу стаг ца вевзина тхуна, цуьнгара дин дIадаьлла, иза юьхьIаьржа хIоьттина а бен».**

### Нахах кхерарх, церан хIумане сатийсарх а шен дог цIандар

Ахь къахьега, хIай мурид, хьайн дог нахах кхерарх, церан хIумане сатийсарх а цIандарехь. Баккъалла а, нехан хIумане сатийсаро динехь доьхна хIума лелочуьнга вистхила юьхь йоцуш вуьту, цунна хьеставаларе, цуьнга диканиг де, вуониг ма де алар дитаре тийжаво. И куьцаш шеца дерг сийсаза хиларна кхачам бу, хIунда аьлча бусалба стаг шен Далла хьасталуш хила веза, Иза воцчух ца кхоьруш, Цуьнан дикане бен са ца туьйсуш а.

Нагахь хьан бусалба вежарех цхьаммо хьуна даггара совгIат дахь, иза схьаэца ахь, нагахь хьой цуьнга хьашт велахь; АллахIна шукра де ахь, хIунда аьлча, баккъалла, луш верг Иза ма Ву, АллахIа шегахула хьайна и совгIат дайтинчу лена а баркалла ала ахь. Нагахь хьуна иза оьшуш дацахь, ойлае; нагахь хьайн даг чохь и схьаэцар гIоле ду аьлла хетахь – и схьаэца ахь, амма иштта ца хетахь – кIеда-мерза олуш духатоха ахь иза, и луш волчун дог дохор доцуш. Баккъалла а, бусалба стеган сий АллахIна гергахь доккха ма ду.

Хьо ларлолахь, хьайна деш долу совгIат и схьа ца ийцира алийта дозаллийна духатохарх, дегIан лаам кхочушбархьама и схьаэцарх а. Баккъалла а, хьайн дегIан лаам кхочушбархьама и схьаэцар хьуна гIоле ма ду, дуьне дIатесна ву аьлла хьайн цIе яккхийтархьама иза духатохарал а. Бакълуьйш волчуьнга къасто хала болуш болх кхочур ма бац, цуьнан даг чохь АллахIа цунах лууш дерг цунна довзуьйтуш долу нур хуьлуьйтуш бен.

### Къайленна тIекхиа гIертар, шена караматаш хиларе сатийсар а дехкар

Муридана уггаре чIогIа зен деш долу хIума – иза къайленна тIекхиа гIертар, шена караматаш, кхиболчу нахехь доцу Iадаташ хиларе цо сатийсар а ду.

Уьш цуьнгахь гучудевр ма дац, цаьрга и сатуьйсуш мел ву, хIунда аьлча дукхахьолахь уьш гучу ца довлу цаьрга са ца туьйсучуьнгахь бен.

Цкъацкъа уьш гучудовлу Iехаеллачу тобанехь, царех АллахIах тешар гIийла дерш зуьйш, Iехош а. Оцу нехан хьокъехь аьлча, цаьргахь ерг сийсазалла ю, карамат дац. Баккъалла а, карамат динехь нисбеллачаьргахь хуьлу. АллахIа хьуна оцу балхах цхьа дакъа даларца хьан сий динехь, хIай мурид, Цунна хастам белахь.

Хьайна гучудаьлла долчу хIуманна тIехь саций, цуьнца хьайн дог паргIатдаккхий ма Iе хьо, и хьулде ахь, нахана дийца а ма дийца. Нагахь хьуна цунах хIумма а гучудаьлла дацахь, цуьнга са ма тийса ахь, и ца хиларна догдоьхна ма лела хьо.

Хьуна хоийла, дерриге бакъ долу караматаш шена чулоцуш долу карамат – иза динехь нисвалар ду, гуччохь, къайлах а АллахIан омранашна муьтIахь хиларца, Цо ма де аьллачунна генаваларца а ша кхочушхуьлуш долу. Ткъа хьо декхарийла ву иза нисдан, оцу тIехь чIагIвала а, тIаккха лакхара, лахара а Iаламаш хьан гIуллакхе хьожуш хир ду, хьо хьайн Далла гена ца воккхуш, Цунна хьоьгара лууш долчу хIуманах хьо гIопал ца веш.

### Рицкъа лахарх лаьцна

Хьо хилалахь, хIай мурид, хьайн Делаца хаза ойла йолуш, Иза хьайна гIо деш, хьуна кхачам беш, хьо ларвеш, хьо Iалашвеш, хьо хьайх тешна я халкъах цхьаннех тешна а вуьтур воцуш Ву аьлла. Веза-Сийлахьчу АллахIа къудусийн хьадисехь дийцина, Шен лено Шеца еш йолчу дикачу ойланна гергахь Ша хилар. Хьайн даг чуьра къеллех кхерар а, нехан хIумане сатийсар а дIадаккха ахь.

Хьо чIогIа ларлолахь рицкъанан балхана гIайгIане хиларх, хьайн Дала хьуна рицкъа латтор ду аьлла йинчу чIагIонах тешаш хилалахь, Веза-Сийлахьчу АллахIа ма боху: **«Цхьа а дийнат дац лаьттахь АллахIна тIехь шен рицкъа долуш бен…»** *«ХIуд», 6.* Ткъа хьо дийнатех цхьаъ ма ву. АллахIа хьайга е аьлла омра дина Iамал ярна тIехь гIайгIане хила хьо, Цо Ша хьуна лур ду аьлла Шена тIелаьцначу рицкъанан хьокъехь гIайгIане ма хила хьо, баккъалла а, хьан Далла хьо вицлуш ма вац. Баккъалла а, Цо хьуна хаийтина, хьан рицкъа Шегахь хилар, Цо хьоьга иза Шена Iибадат дарца лаха аьлла омра дина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аша АллахIна гергахь лаха рицкъа, Цунна Iибадат а де, Цунна шукра а де…»** *«Аль-Iанкабут», 17.* Хьуна ца го, Ша витина кхечунна Iибадат деш болчу керста нахана а

АллахIа рицкъа луш хилар?! Шена Iеса хиллачарна, Шен омра кхочуш ца дечарна рицкъа лур ду аьлла хета хьуна Цо, Ша воцчунна Iибадат ца дечу бусалба нахана рицкъа а ца луш? Шена муьтIахь болуш, Ша дуккха хьехош, Шена шукра деш болчарна рицкъа лур дац аьлла хета хьуна Цо?

Хьо хууш хилалахь, шарIо хьуна магош болчу некъахь билггал долчу къахьегарца а рицкъа лахарх къа дац хьуна, амма къилахь дерг, доьхнарг а хьан дог паргIат ца хилар, и гIайгIане, холчохь, шена моьттучунна тIаьхьадозуш хилар а ду. Адаман дог телхина хиларна тIенисвечарех ду – ша оцу хене дер ду я дац ца хууш, цо цкъа мацца а шена оьшур ю аьлла хетачу хIуманна сагатдар. Оцу кепара дог телхинчо олу: «ХIара чекхдаьлча, и саннарг кхин мичара дер ду? ХIокху бахьаница кара рицкъа ца дагIахь, муьлхачу бахьаница догIур ду те?»

Рицкъа лахарехь бахьанаш ца лелор я уьш лелорна тIехь чIагIвалар – и шиъ ши некъ бу, АллахIа Шен лейх Шена луъург цу шиннах цхьана новкъа а воккхуш. Бахьанаш ца лелоран новкъа АллахIа ша нисвинарг - АллахIа шена рицкъа лург хиларх чIогIа теша, сина паргIат хила, даима АллахIна Iибадат деш хила а декхарийла ву иза. Амма бахьанаш лелоран новкъа АллахIа ша нисвинарг, ша лелочу бахьанашкахь АллахIах тешаш, И воцчунна тIе болх ца буьллуш а хила веза. И ларлойла ша и бахьанаш лелорна шен Далла дечу Iибадатах хераваларх. Муридана кхераме хIуманаш тIеIиттало рицкъанан балхехь, наха моттаргIанаш лелорехь а, и доцчуьнгахь а, бакъду, муридана билла бехк бац я цунна къа а дац, и саннарг ца дезаш, шен даг чуьра и дIадаккха гIерташ а и къахьоьгуш велахь.

## Сийдолчу нахаца гергарло лелор, шариIат девзаш волу дика шайх лахар а

Хьо хуьлийла, хIай мурид, сийдолчу нахаца гергарло лелорехь, дикачу нахаца цхьана охьахийжарехь а кхоччуш тергам беш. Хьо чIогIа сутара хилалахь – дика а, нийсоне нисвеш а, хьехам беш, шариIат девзаш а, тIарикъатан, хьакъикъатан а некъ бевзаш а, дуьззина хьекъал долуш, дог-ойла цIена а йолуш, низам дика долуш, нехан хьелаш, амалш, гIиллакхаш а девзаш волу шайх лахарна тIехь. Нагахь оцу тIехь хьан аьтто балахь, цунах дIа ма хадалахь, хьайн массо белхашкахь цуьнга хьукма дайталахь, цунах дагаволуш хилалахь. Цо бечу белхашкахь, олучу дешнашкахь цунна тIаьхьавазалахь, нагахь иза къаьстина шайхан даржаца доьзна дерг дацахь: шена гонаха нах гулбар, гергарниг, генарниг а АллахIан дине кхайкхар санна, иштта шайхаца къаьстина мел дерг а - и санна дерг цуьнгахь дита ахь.

Гуччохь я къайлах долчу цуьнан хьелашна цхьана а агІор дуьхьало ма елахь. Нагахь хьан даг чу цунах лаьцна цхьа вуон дерг иккхинехь, и хьайн даг чуьра дІадоккхуш къахьегалахь. Нагахь оцу тІехь хьайн ницкъ ца кхачахь, хьайн шайхана дийца иза, цуьнга хьайна и дІадаккха некъ хьехийтархьама. Ишта ахь цуьнга дийцалахь тІарикъатца доьзна а долуш, хьайн даг чу лелхаш долу хІуманаш.

Хьо ларлолахь, нахана юккъехь я цунна хьой гучу хенахь муьтІахь хуьлуш, амма нах боцчу меттехь я цунна хьой ца гучу хенахь цо бохучунна тІера валарх, тІаккха хьо хІаллак а хуьлуш.

Шаьш тІарикъатан некъахь бу, бохуш, лела шайхаш болчу ма гІолахь, хьан шайхо хьуна пурба делла дацахь. Нагахь цо хьуна пурба деллехь, хьайн дог ларделахь, хьайна луъчунна тІе а гІолахь. Нагахь цо хьуна пурба ца лахь, хьуна хаалахь, цо хьуна маслаІате дерг хаьржина хилар. Ахь и бехке ма велахь, и хьагІ лелош я хьой царна тІе лелар ца лалуш ву моьттуш, АллахІан гергарчу, Цо хаьржинчу стагера и саннарг даларх АллахІа ларвойла.

Хьо ларлолахь, хьайн шейхе шен караматаш, хьайна дагалелхаш долу хІуманаш гучудаха бохуш дехарш дарх, баккъалла а, АллахІ Воцчунна къайле хууш ма яц. Ткъа вели (АллахІан гергара стаг) АллахІа цхьайолчу хенашкахь цхьайолчу къайленашна тІекхуьуьйту. Муридо шен шайх волчу а вахана, цуьнга шен даг чуьра къайле йийцар деха тарло, – амма цо цунна иза ца юьйцуш, шена иза хууш, и гучуяккха ницкъ боллушехь, шегара хьал, къайле а ларъеш. Баккъалла а, шайхаш (Дела реза хуьлда царна) шайн къайленаш, караматаш, кхиболу тамашийна белхаш хьулбарехь а нахал сутара бу, оцу тІехь шайн ницкъ, аьтто а белахь а.

Эвлаяашна хуьлуш долу дукхах долу караматаш цаьрга харжам баларца дац. Шайгахь долу карамат цхьанна гучудаьлча, цара цуьнга весет до шаьш дуьнен чуьра дІакхалххалц иза цхьангге ма дийца, олий. Цара цунах цхьа дакъа гучудаккха тарло, и хьулдарал гучудаккхар маслаІате хеташ.

Хьо хууш хилалахь, баккъалла волу шайх – иза шен ойланца, леларца, дашца а муридана пайда беш, и шена уллохь я генахь велахь а иза Іалашвийриг ву. Нагахь мурид шен шайхана генахь вехаш велахь, цо цуьнгара шен балхехь – ша дан дезачуьнгахь, дита дезачуьнгахь а – юкъара бакъонаш билгалъяр лохийла. Муридана уггаре зен деш долу хІума – шайхан даг тІера иза вожар ду. Дуьнен чохь мел волу шайх и тодан гулвелча а, церан ницкъ кхочур ма бацара, цуьнан шайх цунна реза хилча а бен.

Хьо хууш хилалахь, шайх лоьхуш волчу муридана там болуш ду наха шайх я муридаш кхиош ву аьлла хьахош мел верг шена шайх лаца ца гIертар, шена цуьнгахь билггала шайхалла дуй хаъалц, шен даго иза къобалваллац. Цунах терра шайхана там болуш дац, ша волчу тIарикъатан некъ лоьхуш мурид веача, и даггара лелаш вуй, АллахIна тIе ша нисвечуьнга чIогIа шовкъе хилла веана вуй шена хаъалц, цунна и некъ хьехар.

ХIара дерриге а шена бакъволу шайх лацаран хьокъехь дерг ду. Баккъалла а, муридана бехкам хIоттийна, шайхана хьалха ша, цхьамма лийчош волу велла стаг санна, я, нанна хьалха бер санна, хилар. Муридан ниййат, бакъволу шайх лацар доцуш, деккъа беркат эцар хилча, лакххахь вай дийцина хьал хир дац цуьнгахь. Шайхашна тIекхачар, царна зерате вахар, царех беркат эцар алсамдаккхар а дика ду.

Нагахь муридана бакъволу шайх ца каравахь, и декхарийлахь ву даггара къахьега, ша АллахIе товжарехь, Цуьнгара ша нисвийр верг лахарехь а ша хьашт хилар гойтуш. ТIаккха гатвеллачунна жоп луш Волчу АллахIа цунна жоп лур ма ду, Цо цунна тIенисвийр ву иза нийсачу новкъа вуьгуверг.

Цхьаболу муридаш шайх лоьхуш го хьуна, шайна иза гуш ца хилча и вац моьттуш, амма царна гуш воцу шайх царна хаа ца луш шен хьажарца уьш кхиош, шен Iуналлин бIаьргаца уьш Iалашбеш а хуьлу. Мурид оцу кепара шеконе вахча, цуьнгахь долу шайхах тешар бен дIа ца долу. Ткъа бакъболу шайхаш болуш бу, делахь а, Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен гергарчу нахана дуьхьал ала хIума ца дитина, шеконехь волчунна моьттуш дерг бен, Цо царех тешар а ма ца делла, царех Шена дала луучунна а бен.

### Муридо шен шайхаца лело деза гIиллакхаш

ХIай мурид, хьайн шайхаца цхьана балхаца дагавала я цхьана хIуманах лаьцна цуьнга хатта хьайна лиъча, ахь цуьнан сийдаро, цуьнца гIиллакх лацаро иза хаттарх вуха ма тухийла хьо. Цуьнга цкъа а, шозза а, кхузза а хатта мегар ду хьуна, шена оьшург ца хоттуш Iар хазачу гIиллакха юкъа догIуш дац. Бакъду, нагахь санна шайхо хьоьга саца аьлла ишар йинехь, я хеттарш ма де аьлла омра динехь, тIаккха-м цо бохучунна муьтIахь хилар важиб ду хьуна.

Нагахь шайхо цхьана балхах хьо вухатоьхнехь, я кхиверг хьол хьалхаваьккхинехь, хьо ларлолахь вуочу агIор цунах дегабаам бархь. Хьо догтешна хилалахь, баккъалла а, цо динарг хьуна пайден, гIоле дерг а хиларх. Нагахь хьоьгара ледарло яьлла, и бахьанехь хьан шайх хьуна оьгIазводахь,

хьайгара даьллачунна цунна хьалха бехказвала сихо елахь, и хьайна реза хиллалц.

Хьан шайхан хьоьца йолу дог-ойла хийцаелла аьлла хьайна хетахь, – хьо и волчу вахча цунна хуьлуш долу хазахетар дӀадалар санна, – ахьа цуьнга бийцалахь и бахьанехь хьайн даг чохь лаьтташ болу кхерам. Хьоьгара яьлла ледарло бахьанехь хийцавелла хила там бу иза хьоьца, тӀаккха ахь цунах тоба а дан, я хьуна моьттуш дерг шайтӀано дагатесна хила там бу хьуна, хьан шайхаца йолу дог-ойла йохорхьама. Хьан шайх хьайна реза хилар хьуна хиъча, хьан дог паргӀатдер ду, амма хьой бехке ца хеташ, иза ца дуьйцуш хьо Ӏийча, хьан даг чуьра кхерам дӀабер бац.

Нагахь мурид шен шайхан кхоччуш сийдеш а, иза веза хеташ а хилахь – гуччохь а, къайлаха а шен шайхан йоллу дог-ойла йолуш, цунна муьтӀахь волуш, цуьнан гӀиллакхаш лело а гӀерташ – шеко яц хьуна, цо цуьнан къайленах ирс оьцург хиларх, нагахь шен шайхал тӀаьхьа иза висахь.

## **Бакъволчу муридан куьцаш, цуьнан декхарш а (Чаккхе)**

ХӀокху декъехь вай дуьйцур ду бакъволчу муридан куьцаш.

Цхьаболчу эвлаяаша (Дела реза хуьлда царна массарна) аьлла:

- Муридах вуьззина мурид хир ма вац, шен лаам Къуръана чохь долчуьнца цо нисбаллац, кхоччуш дерг эшна долчух цунна довззалц, лешкара хӀумма ца оьшуш АллахӀа деллачуьнца цо кхачам баллац, деши, латта а цунна цхьана меха хетталц.
- Мурид шариӀатан дозанаш лардинарг, чӀагӀонаш кхочушйинарг - шена деллачунна реза хилларг, шегахь доцчунна тӀехь собаре хилларг а ву.
- Мурид – ниӀматашна шукра деш верг, балина тӀехь собаре верг, АллахӀан кхелана реза верг, паргӀатонехь, халонехь а АллахӀна хастам беш верг, къайлах, гуччохь а ша еш йолу Ӏамал даггара еш верг ву.
- Мурид – хийцамаш хиларо гал ца воккхуш, тӀеӀитталуш долчу хӀуманаша кӀел ца вуьтуш, дегӀан лаамашка, шен Ӏадаташка а шена тӀехь толам ца боккхуьйтуш верг ву. Цуьнан къамел – АллахӀ хьехор, хьехам а бу, цуьнан вист ца хуьлуш Ӏар – ойлаяр, тергам бар а ду. Цуьнан болх олучу дашал хьалха болу, цуьнан Ӏамало цуьнан Ӏилма бакъдо. Цуьнан Ӏалашо – АллахӀах кхерар, кӀеда-мерза хилар а ю, цуьнан бахам – таьӀна хилар, АллахӀна муьтӀахь хилар а бу. Нийсонна тӀаьхьавозуш, цо Ӏаткъам беш, харцо юхатухуш, и ца езаш а, дика нах дукхабезаш, цаьрца гергарло лелош, вуон

нах ца безаш, цаьрца гамо йолуш а хуьлу иза. Цуьнан хаар цо дуьйцучул хаза ду, и вовзар и вийцарал пайден ду, нахана гIодар дукха долуш, цаьрга хIума ехар кIезиг долуш, ваьсса леларх ларлуш верг ву иза. Ша тешаме волуш, наха тешаме ву олуш, харцдерг ца дуьйцуш, ямарт ца хуьлуш, бIаьрмециг я кIилло воцуш, девнаш деш я неIалт кхайкхош воцуш, шен декхарш кхочушдеш, шен карахь дерг бахьанехь сутара воцуш. Шен дог-ойла цIена йолуш, ниййат хаза долуш, шен хIусам массо вуочух цIена йолуш, шен Далла гергавуьгуш йолу ойла лакхара йолуш, шен дегI дуьне дезарх духакхетна долуш, шегара гIалаташ ца дуьйлуьйтуш, шен дегIан лаамашца дIа ца лелаш, шен чIагIо, ша делла дош лардеш, эхьхеташ, шегахь къонахалла а йолуш, нахаца йолу юкъаметтиг гIиллакхца ларъеш, шен агIонгахьара уьш декхарийла ца беш. Шена деллачунна шукра деш, шена ца даларх собаре хуьлуш, ша зулам дича, тоба дина, АллахIе гечдар доьхуш, шена зулам дича, гечдеш, къинтIера волуш а. Шен хьал нахах хьулдар дезаш, нахана гайтар, гIаравалар а ца дезаш, шен гIуллакх доцчух шен мотт ларбеш, АллахIна муьтIахь хиларехь шех яьллачу ледарлонна дог гIайгIане хуьлуш. Динехь моттаргIанаш ца лелош, АллахI оьгIазвохуьйтуш нах резабан ца гIерташ, ша цхьалха висча АллахI хьехорца самукъа долуш, нахана юккъехь эрна хан яйъар ца дезаш. Хьо цунна тIекхочур ма вац иза цхьа дика хIума деш я нахана Iилма Iамош волуш, цуьнан дикане догдохуш, цуьнан вуонах ца кхоьруш, шена зен диначунна зен дан а ца гIерташ, шех хераваьллачух херавала ца гIерташ иза волуш бен. Хурманан диттах тера ву иза, шена тIулг кхоьссича дуьхьал хурма луш долчу; латтах тера ву иза, шена тIе боьха мел йолу хIума кхуссуш, амма шена чуьра дика хIума бен схьа ца долуш. Цунна тIехь лепаш бакълеран нур хуьлу, цуьнан юьхьа тIе хьаьжча билгалдолу цуьнан даг чохь дерг а. Цуьнан Iалашо, къахьегар а АллахI резаван гIертар ду, цуьнан лаам, дог-ойла а АллахIа хаьржинчу Цунна везначу Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьавазар ду. Шен массо хьелашкахь цуьнгара масал оьцу цо, шен гIиллакхашкахь, белхашкахь, дешнашкахь а цунна тIаьхьавозу иза, Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен сийдолчу Къуръана чохь аьллачунна муьтIахь хуьлуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Элчано шайна деанарг схьаэца аша, цо шайна дихкинчух духакхета шу».** *«Аль-Хьашр», 7.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Делан Элчанехь дика масал дара шуна – АллахIах а, къематдийнах а кхоьручарна, АллахI дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Элчанна муьтIахь хилларг АллахIна муьтIахь хилла».** *«Ан-Нисаъ», 80.*

Веза-Сийлахьчу Дала бoху: **«Баккъалла а, шаьш хьуна тешаме хир бу аьлла чIагIо йинарш – АллахIна тешаме бу аьлла чIагIо йинарш бу».** *«Аль-Фатхь», 10.*

Веза-Сийлахьчу Дала бoху: **«Ахьа ала** (хIай Мухьаммад)**: «Шу АллахI везаш делахь, суна тIаьхьадаза шу – АллахIна дезар ду шу, Цо гечдийр ду шун къиношна, АллахI гечдеш а, къинхетаме а Ву».** *«Алу Iимран», 31.*

Веза-Сийлахьчу Дала бoху: **«Цуьнан** (Элчанан) **омранна дуьхьало еш берш шайга питана** (дуьненан бала) **кхачарх я** (эхартан) **лазош долу Iазап кхачарх ларлойла».** *«Ан-Нур», 63.*

Хьуна мурид го, шен Делан омранна муьтIахь а хилла, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьавазарна тIехь чIогIа сутара волуш, вай дийцинчу аяташкахь АллахIа диканца йинчу чIагIоне догдохуш, Цо вуонца йинчу чIагIонах генаволуш а. Диканца йинчу чIагIоно чулоцу, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьабаьзначарна, шен чаккхе йоцуш декъалалла хир ю аьлла, кхаъ хилар. Вуонца йинчу чIагIоно чулоцу, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуьхьалбевллачарна барам боцуш сийсазалла хирг хилар.

***Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга доьху оха, Хьо воцург кхин дела воцуш, Хьо АллахI Волун дела, даима къинхетаме Верг, диканиг дийриг, стигланашший, латтий Кхоьллинарг, хIай сийлаллин а, лераман а Да, Ахь Хьайн лай, тхан эла а волчу Мухьаммадна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхоччуш тIаьхьадазар далар - цуьнан гIиллакхашкахь, белхашкахь, дешнашкахь а, гуччохь а, къайлаха - оцу тIехь Ахь тхан дахар, тхан далар а хилийтар, Хьайн къинхетамца, хIай къинхетамечарех уггаре къинхетаме Верг. Тхан Дела, Хьуна бу хастам, дуккха а болу хастам, цIена а, беркате а болу, – Хьан сийлаллийца, Хьан дезачу паччахьаллийца а богIуш болу. Хьайца там боцчух цIена ву Хьо, тхо хууш ма дац Ахь тхуна хаийтинарг бен. Баккъалла а, Хьо ву-кх Хууш верг а, массо хIума говза деш верг а. Хьо воцург, дела вац, цIена ву Хьо, баккъалла а, зуламхойх хили со.***

**ТIаьххьарлера вайн кхайкхам – Iаламаш кхобуш, кхиош а Волчу АллахIна хастамбар ду.**

**Организационное и методическое руководство выпуском исламской литературы в ГАУ ТРК «Путь» им. А. Кадырова осуществляет его директор А.С. Шахидов.**

**Составитель – шейх ислама, имам Аль-Хабиб Абдуллах, сын Алави**

**С арабского – Алиев Ахмед Бексултанович**

Издание второе, дополненое и переработанное

Рецензенты – Эдихаджиев Магомед, Магамедов Сулиман

Редактор А. А. Гайтукаев

Верстка С-М. Тасуев

Дизайн З. А. Байтуев

Министерство Чеченской Республики

по национальной политике, печати и информации

ГАУ ТРК «Путь» им. А-Х. Кадырова